

Etid sou Sante Mantal Timoun ki te Restavèk: Pou rive nan entèvansyon sante mantal ki efikas

Reyalize ak Kolaborasyon:


Beyond Borders – Fondasyon Limyè Lavi

Fondation Zanmi Timoun

Foyer l'Escale

ak

Restavèk Freedom Foundation



Otè: Cara L. Kennedy, PhD

kennedy.cara@gmail.com

Mas 2012



SA KI NAN RAPÒ SA A

KONTÈKS	3
OBJEKTIF ETID LA	3
METODOLOJI	3
KOUT JE SOU ETID KALITATIF	3
PWOSESIS ENFÒME, JWENN KONSANTMAN	4
EGZÈSIS LIS LIB	4
ENTÈVYOU AK ENFÒMATÈ KLE.....	4
ANALIZ LIS LIB AK ENFÒMASYON ENFÒMATÈ KLE BAY	4
REZILTA	4
PATISIPAN NAN ZÒN METROPOLITÈN PORT-AU-PRINCE.....	4
<i>Tablo 1: Moun ki te patisipe nan Entèvyou Lis Lib, nan twa sit yo.....</i>	<i>4</i>
KESYON 1, EGZÈSIS LIS LIB	5
KESYON 2, EGZÈSIS LIS LIB	5
KESYON 3, EGZÈSIS LIS LIB	5
REZILTA ENTÈVYOU AK ENFÒMATÈ KLE.....	5
1. <i>Sentòm Sante Mantal</i>	6
2. <i>Eksperyans Vyolans Apre Timoun te Restavèk</i>	6
3. <i>Move Akèy Apre Timoun Yo Retounen Kay Fanmi Yo</i>	7
ENFÒMATÈ KLE NAN ZÒN RIRAL.....	7
ZÒN LASCAHOBAS	7
3. <i>Move Akèy Apre Timoun Yo Retounen Kay Fanmi Yo - Jouman</i>	8
ZÒN SAUT D’EAU.....	8
4. <i>Pwoblèm Ekonomik Fanmi Timoun ki Retounen</i>	8
KONKLIZYON	9
REKÒMANDASYON	9
KÈK LIMIT	10
REMÈSIMAN	11
ANÈKS	12



Kontèks

Yon timoun restavèk an Ayiti, se yon timoun ki oblije kite kay fanmi li epi ale viv nan yon lòt kay kote premye obligasyon li genyen se travay. Timoun sa yo konn twouve yon nan sitiyan pou yo viktim tout kalte abi ki genyen. Dapre etid 2007-2008 Pan American Development Foundation (PADF) te reyalize,¹ yon timoun restavèk se yon timoun ki p ap viv lakay li, k ap travay e ki pa touche. Timoun sa a, yo trete li yon fason ki vreman diferan ak lòt timoun nan kay la. Dapre menm etid sa a, yo te estime gen plis pase 225,000 timoun ki te nan restavèk nan zòn lavil, 2/3 ladan yo se ti fi. Nou pa okouran yon etid nan dimansyon sa a sou reyalite timoun restavèk apre tranbleman 12 Janvyè 2010.

Dapre anpil òganizasyon ki travay avèk timoun swa ki nan restavèk oubyen ki te nan restavèk, konsekans pratik restavèk sou timoun yo grav anpil, e pratik restavèk gen konsekans sou sosyete a an jeneral. Anfèt, divès fòm abi kwonik, travay fòse, imilyasyon, mank edikasyon ak afeksyon, redui kapasite timoun yo anpil pou yo bati lavi yo yon fason nòmal epi fonksyone kòm sadwa nan sosyete a lè yo kite pratik restavèk la. Anplis sa, pratik restavèk la se souvan yon pasaj ki mennen timoun yo nan lari. E lari a, se yon lòt espas ki chaje ak risk pou timoun yo.

Malgre anpil òganizasyon ap denonse pratik sa a, e malgre anpil moun kwè konsekans li sou timoun yo avèk sosyete a grav anpil, poko genyen ase done teknik, sistematik sou konsekans pratik restavèk sou plan sikososyal, sosyal, ekonomik ak edikasyon.

Objektif Etid la

Etid la te kolekte enfòmasyon ki soti dirèkteman nan pale ak timoun ki te restavèk, paran oubyen moun ki pran swen yo apwopo:

- a) fason moun konprann, entèprete e konsidere sante mantal, pwoblèm sikolojik pami tout lòt pwoblèm timoun ki te restavèk ap konfwonte;
- b) fason detès timoun sa yo manifeste nan konpòtman yo ak nan relasyon yo ak lòt moun.

Nou kwè se ekspresyon lokal, kiltirèl detès sikolojik ak rezilyans ki pi bon endikatè pou rive genyen bon jan enpak nan entèkansyon sante mantal. Nou pral antreprann yon etid pou fè validasyon “zouti” ki ap pèmèt nou devlope “zouti” apwopriye pou detèmine sentòm sikolojik ak “fonksyonman”. Rezilta de (2) etid sa yo dwe endike entèkansyon sante mantal ki koresponn ak sitiyan pou timoun ki te restavèk an menm tan zouti ki pou mezire efikasite entèkansyon yo.

Metodoloji

Kout Je Sou Etid Kalitatif

Apwòch kalitatif la sèvi ak kesyon ouvè san anketè yo pa eseye enflyanse sijè ak direksyon moun k ap reponn yo yon fason pou moun pale sou sa yo vle e di sa yo konnen. 14 anketè te jwenn enfòmasyon pou mennen entèkansyon yo e yon chèchè konsiltan Johns Hopkins University te bay chèchè ki responsab etid la sou teren sipèvizyon a distans.

¹ Pan American Development Foundation (2009). *Lost childhoods in Haiti: Quantifying child trafficking, restavèks, and victims of violence*. Port au Prince, Haiti. Retrieved March 10, 2011 from <http://www.imunitedforhaiti.org/ht/d/sp/i/20428/pid/20428>.



Pwosesis Enfòmè, Jwenn Konsantman

Moun ki t ap fè entèkansyon yo te esplike moun ki te patisipe nan entèkansyon lis lib ak entèkansyon enfòmè kle tout sa ki t ap genyen nan entèkansyon a: objektif, demach, risk oubyen malèz potansyèl... Tout moun ki te patisipe te demontre yo te konprann aspè volontè patisipasyon yo nan etid la, ak sistèm ki mete an plas pou respekte konfidansyalite.

Egzèsis Lis Lib

Etid la te kòmanse ak yon egzèsis lis lib e chak moun k ap reponn te dwe jenere twa lis apati kesyon sa yo:

1. Ki pwoblèm nou wè timoun ki te rete kay moun ap konfwonte?
2. Lè timoun ki te rete kay moun tounen kay fanmi yo, ki pwoblèm ki konn genyen?
3. Yon timoun k ap byen viv, kijan li ye, ki aktivite li konn fè?

Premye objektif lis lib la se pou nou jwenn yon konpreyansyon jeneral sou pwoblèm moun wè timoun ap konfwonte lè yo soti nan restavèk. Dezyèm objektif la se pou nou rive jwenn moun ki kapab sèvi kòm “enfòmè kle” pou dezyèm pati entèkansyon yo. Nan fen entèkansyon lis lib la e pou tout pwoblèm ki sanble ak pwoblèm sante mantal timoun, anketè a/yo dwe mande ki moun nan kominote a ki kapab pale de chak pwoblèm sa yo. Pwoblèm ki kapab pwoblèm sante mantal se sa ki gen arevwa ak fason yon timoun panse, sa li santi, jan li konpòte l, sa li fè oubyen sa ki gen rapò ak relasyon li ak lòt moun.

Entèkansyon ak Enfòmè Kle

Enfòmè kle pèmèt nou antre nan fon pwoblèm ki te seleksyone yo. Se moun ki gen konesans sou pwoblèm yo ki baze sou eksperyans ki pale sou yo. Nou jwenn enfòmè kle apati entèkansyon lis lib e enfòmè kle refere nou bay lòt enfòmè kle. Yo se manm kominote kote etid la fèt. Apre chak kesyon yo poze yon enfòmè kle, yo di li moun nan kominote a di li se yon moun ki ka pale de sijè a. Di nou lide li gen sou sa.

Analiz Lis Lib ak Enfòmasyon Enfòmè Kle Bay

Se anketè yo an gwoup ki te fè tout analiz done ak enfòmasyon yo. Se te yon pwosesis pou detèmine repons, enfòmasyon ki menm epi klase yo pa kategori. Chak kategori se yon mo oubyen yon fraz ki, nan pifò ka, soti nan sa moun yo te di.

Rezilta

Patisipan nan zòn metropolitèn Port-au-Prince

Echantiyon pou entèkansyon lis lib la te gen 32 adilt ki te gen ant 24 rive 58 lane ak 44 timoun ak jèn ki te gen ant 9 rive 22 lane. Se nan (2) sant “tranzisyon” ki fè prizanchaj timoun ki te restavèk (Foyer l’Escale ak Restavèk Freedom) ak yon kominote kote fanmi konn akeyi timoun an akò ak Fondation Zanmi Timoun 76 moun sa yo (granmoun, jèn, timoun) soti.

Tablo 1: Moun ki te patisipe nan Entèkansyon Lis Lib, nan twa sit yo

	Granmoun		Timoun/Jèn	
	Gason	Fi	Gason	Fi
Foyer l’Escale	2	6	10	15
Restavèk Freedom Foundation	1	4		9
Fondation Zanmi Timoun (Kominote)	4	15	5	5
TOTAL	11	21	15	29



Kesyon 1, Egzèsis Lis Lib

Ki pwoblèm nou wè timoun ki te rete kay moun ap konfwonte?

Pou granmoun yo, se dabò pwoblèm ekonomik (pa ka al lekòl, pa jwenn manje, pa gen rad, pa gen kote pou dòmi...). Yo otomatikman wè lari kòm espas timoun sa yo kapab twouve yo lè yo sove pou kite pratik restavèk la e se risk ki vini an dezyèm pozisyon. Risk gen ladan li, ansent bonè, pran dròg, rankontre move moun, gen divès kalte pwoblèm, fimèn, epi li te lye ak repons ki te nan katriyèm pozisyon: sibi vyolans. Apa repons sa yo, te genyen plizyè repons ki eksplike pwoblèm afektif tankou: malalèz, y ap reflechi, sonje move moman, move souvni, tristès, pa kwè nan tèt yo, yo pè... ak pwoblèm ki lye ak konpòtman tankou: vyolan, maledve, vòlè. Gen yon kategori se abitud. Li gen rapò ak abitud timoun nan devlope lè li te restavèk tankou: leve bonè, vle fè travay oubyen rann sèvis, rete sal. (Tablo 2, Anèks)

Dapre timoun ak jèn yo tristès, malalèz, sonje move moman se repons ki pi kouran. Apre sa se vyolans timoun konn sibi, ak pwoblèm ekonomik tankou: pa gen sa yo bezwen. Timoun te bay lòt repons afektif ki negatif tankou: panse ak fanmi yo, jennen, kriye ak repons negatif sou konpòtman tankou: joure, vòlè, dezòd, goumen. Timoun, kontrèman ak granmoun, te pale plis sou konsekans pozitif soti nan restavèk – nan pale sou jan yo konn santi yo byen lè yo fin kite. (Tablo 3, Anèks)

Kesyon 2, Egzèsis Lis Lib

Lè timoun ki te rete kay moun tounen kay fanmi yo, ki pwoblèm ki konn genyen?

Granmoun yo bay twa repons ki pi kouran men ki marye youn ak lòt fason yo pale, paran yo pa bay timoun bon akèy, paran yo pa gen mwayen ekonomik pou yo pran swen timoun yo, timoun yo pa ka ale lekòl. Yo di paran wè timoun ki tounen tankou yon chay, yo konn fache, yo pa pran ka timoun yo e timoun yo konn poko kapab adapte yo, viv byen ak lòt timoun. Tout sa yo di pou laplipa marye ak rezon ekonomik. Malgre tout sa, yo rekonèt timoun yo pi byen, pi alèz lè yo tounen lakay yo. Yo te ajoute lòt pwoblèm ki menm ak nan Kesyon 1 tankou: malalèz, yo ap reflechi, yo awogan, e yo gen abitud ki te devlope lè yo te nan restavèk yo kenbe apre yo tounen lakay fanmi yo. (Tablo 4, Anèks)

Dapre timoun ak jèn yo, prensipal pwoblèm nan se: paran pa kapab voye yo lekòl. Yo di tou timoun yo retounen ak yon bann move mès: maledve, dezòd, dezobeyisan, visye, renmen goumen, renmen sove. Yo rapòte timoun yo pa konn jwenn bon akèy, paran, sè ak frè konn leve kont yo. Yo pale de emosyon negatif timoun yo ki konn gen rapò ak move akèy yo jwenn. Yo konn wont tounen, yo tris, yo kriye, yo konn panse fanmi yo pa te renmen yo, yo konn menm di pito yo te mouri. Lè yo tounen lakay yo, dapre timoun ak jèn yo, yo sibi yon seri lòt move eksperyans, tankou jwenn moun ki bat yo. Jan sa te rive ak Kesyon 1, yo te pale de emosyon pozitif tou men pa anpil. (Tablo 5, Anèks)

Kesyon 3, Egzèsis Lis Lib

Imajine yon timoun ki byen, esplike kòman li ye?

Repons granmoun ak timoun pa rapò ak Kesyon 3 te sanble (Tablo 6 ak 7, Anèks). Se yon timoun ki al lekòl, ki gen bon sitistasyon ekonomik, ki alèz, ki jwenn afeksyon. Plis li an sante, li ale nan aktivite sosyal, li pran ti plezi/lwazi li, li manje/dòmi byen, li entelijan, kè l kontan e yo byen trete li.

Rezilta Entèvyou ak Enfòmasyon Kle

Jan nou te eksplike nan *metodoloji*, nou te apwofondi twa tèm ak enfòmasyon kle yo.



- 1) Sentòm sante mantal
- 2) Eksperyans vyolans apre sitiyaşyon restavèk
- 3) Move akèy nan fanmi

Seleksyon an te baze sou frekans repons yo, enpòtans yo pou rive konprann pwoblèm ak sentòm ki afekte sante mantal timoun, epi potansyalite pou nou jwenn enfòmasyon ki kapab ranfòse pwosesis reyensasyon. Te gen 38 enfòmàtè kle (7 gason, 31 fi) ki te gen ant 12 al 65 lane. Anketè yo te pale ak 17 ladan yo plis pase yon fwa.

1. Sentòm Sante Mantal

Pou premye tèm nan, men jan pwoblèm nan te fòmile pou enfòmàtè kle yo: “Nou te deja pale ak moun nan zòn nan sou kalte pwoblèm timoun ki te rete ak moun konn genyen lè yo kite kay moun nan, epi yo te di nou timoun yo konn gen emosyon ki negatif, tankou yo konn malalèz, kriye, tris, yo ap reflechi e sonje move moman. Epi tou, yo te di nou yo konn gen yon seri konpòtman negatif tou, tankou yo konn dezòd, vyolan, maledve. Gen moun ki te di nou se ou ki ta yon bon moun pou nou pale sou pwoblèm sa a. Nou ta renmen tande sa ou ka di nou sou pwoblèm sa a.”

Koz Pifò repons te ale nan sans sa yo. Premyeman, timoun yo te reyaji dapre eksperyans yo te fè lè yo te restavèk (“yo fè sa yo te konn fè yo”). Sa plis gen arevwa ak konpòtman vizib yo. Dezyèmman, sentòm yo se rezilta sa yo pa te konn jwenn (egzanp si yo pa te jwenn ase manje, pa ale lekòl...). Twazyèmman, sentòm yo se rezilta refleksyon timoun sou sa yo te viv, sa yo te pase. (Tablo 8, Anèks)

Siy ak Sentòm Sa ki te di plis se: tristès ak move moman. Ladan li te genyen tristès, kriye, panse/sonje move moman, reflechi, panse, ak kalkile. Twa lòt ki te suiv yo te gen rapò ak konpòtman timoun yo. Se te maledve, vyolan, dezòd. Apre sa se te malalèz, ak yon lòt sentòm ki plis sanble ak sendròm strès apre timoun te twomatize (ke moun yo te rele “estrès”). Sa ki ta dwe parèt kòm pozitif parapò ak sa yo di ki negatif se: kalm, trankil, obeyisan, vle rann moun sèvis. Li pa klè konpòtman sa yo oblije pozitif si yo se repons ki kondisyon sou sa ki te rive timoun yo lè yo te restavèk. (Tablo 9, Anèks)

Solisyon Menm lè tout moun nou te pale pa te pwopoze solisyon men sa ki te plis di se: pale ak timoun yo, apre se ba yo sipò moral ak sipò ekonomik. (Tablo 10, Anèks)

2. Eksperyans Vyolans Apre Timoun te Restavèk

Koz Sa ki te plis avanse kòm koz vyolans se: risk ki gen nan lavi nan lari, pa gen moun ki reskonsab yo, epi lòt moun wè yo mal. (Tablo 11, Anèks)

Tip vyolans Tip vyolans enfòmàtè yo te prezante se: vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans moral, eksplwatasyon, vyolans vèbal, ak mekanste yo fè yo. Chak tip sa yo gen divès fason vyolans yo manifeste. (Tablo 12, Anèks)

Konsekans Malgre pa te gen kesyon sou konsekans, enfòmàtè te prezante kèk konsekans tankou: difikilte pou aprann, mak nan lespri yo ki fè yo pa kapab gen siksè nan lavi yo, yo panse lavi a fini pou yo, yo ka revòlte oubyen rantre nan rebelyon, yo konsidere sosyete a rejte yo, yo menm ka mouri. Kòm anpil enfòmàtè te wè viv nan lari kòm sitiyaşyon probab apre timoun kite restavèk, yo te di tou, timoun yo ka tounen vòlè, pwostitiye, mandyan, timoun ki pa vle ale lekòl, timoun ki pote zam, pran dwòg, malad epi menm mouri.



Solisyon Pou solisyon, enfòmasyon kle yo te plis wè sansibilizasyon ak konsyantizasyon ki genyen tou pwogram televizyon, sansibilizasyon ak konsyantizasyon sou risk timoun ap kouri nan lavi restavèk pou dekouraje moun mennen timoun Pòtoprens nan restavèk. Yo pale tou de plan ki nesès pou kesyon sante, kesyon sosyal, pwoteksyon timoun, tankou plis resous pou òganizasyon k ap adrese pwoblèm timoun yo. (Tablo 13, Anèks)

3. Move Akèy Apre Timoun Yo Retounen Kay Fanmi Yo

Koz Moun yo te prezante pwoblèm ekonomik kòm prensipal rezon ki fè paran pa bay pitit yo bon akèy lè yo tounen. Menm lè paran kontan wè pitit yo, men sitiyan yo fè yo konn pa renmen timoun yo rete. (Pwoblèm kay, mwayen, pa gen aktivite ki rantab, kantite timoun, pa kapab voye timoun lekòl). Yo panse rèv yo te genyen pou timoun yo p ap reyalize akoy yo tounen mete sou sa pwoblèm ki lye ak anviwonman yo. Petèt te gen koz ki fè yo te vle timoun nan pa rete e si se yon fi ki tounen, yo panse jenn gason pral tanmen anmègde li. (Tablo 14, Anèks)

Karakteristik Fason move akèy la manifeste: paran mal aji ak timoun yo ki defwa oblije kite kay fanmi yo. Egzanp ki te bay se fanmi konn pa vle wè yo, yo bat yo, yo pa konsidere yo kòm pitit kay la, yo mete yo deyò, yo voye yo al viv ak lòt moun. (Tablo 15, Anèks)

Konsekans Timoun santi yo pa renmen yo osinon yo pa vle prezans yo nan kay la e lè sa a yo fè sa pou yo pa ta fè, yo aji mal, yo santi yo malalèz. Yo ka vin vyolan, tris epi yo panse ak tout sa yo te pase.

Solisyon Patisipan yo te sijere solisyon ki regwoupe nan 3 gwoup: rekòmandasyon pou paran, òganizasyon ak gouvènman. Paran yo dwe konsyan sou wòl yo, devwa yo. Yo dwe byen akeyi timoun yo, ba yo afeksyon, renmen yo, fè planin. Òganizasyon dwe enplike nan fè prevansyon kont sistèm restavèk, fè sansibilizasyon, konsyantizasyon, amelyore pwosesis reyensèsyon, pi byen enplike timoun nan pwosesis la, satisfè bezwen de baz timoun k ap tounen. Gouvènman dwe kreye yon sistèm asistans sosyal pou timoun ka ale lekòl, jwenn rad, manje epi Leta dwe entèvni si paran pa vle resevwa pitit yo. Gouvènman an dwe kreye djòb pou amelyore sitiyan paran yo. (Tablo 16, Anèks)

Enfòmasyon Kle Nan Zòn Riral

Yon vèsyon redui etid kalitatif te reyalize nan de (2) zòn Plato Santral: Lascahobas ak Saut d'Eau. Yon ekip 6 anketè te pase 3 jou edmi nan chak zòn yo gras ak sipò Fondation Zanmi Timoun ki te fasilite divès reyensèsyon fèt nan yon peryòd 8 lane anvan. Se pou nou te jwenn pwenn vi pa timoun ki tounen ak moun ki viv avèk yo. Se sou Kesyon 2 Egzèsis Lis Lib yo te dewoule.

Zòn Lascahobas

Pou granmoun kou timoun, kesyon ekonomik ak konsekans yo se te prensipal pwoblèm yo. Yo te pale sou aspè pozitif reyensèsyon, timoun yo santi yo byen, yo ba yo bon akèy, yo kontan, yo renmen fanmi yo e yo kontan viv ak yo. Gen timoun yo te konsidere tou ki tris, ki rete pou kont yo, ki kriye, ki malalèz. Ni granmoun ni timoun te pale de jouman timoun yo konn sibi lè yo tounen. Sitou lè yo pa ka ale lekòl; menm sè ak frè konn rele yo restavèk, batay ak yo. (Tablo 17 ak 18, Anèks)

Tèm imilyasyon pa te site ni devlope menm jan Pòtoprens, pou sa antrevi te fèt ak enfòmasyon kle sou tèm sa a nan zòn Lascahobas.

3. Move Akèy Apre Timoun Yo Retounen Kay Fanmi Yo - Jouman

Koz Enfòmasyon kle, timoun kou granmoun, te bay de (2) rezon prensipal ki lakòz jouman: timoun yo te restavèk, paran yo malere anpil. Gen enfòmasyon kle ki te ajoute lè timoun imilye lòt timoun, li enpòtan pou nou sonje timoun yo pa gen move panse pou kont yo, se paran ki responsab timoun imilye lòt timoun, pa vle jwe ak lòt timoun. (Tablo 19, Anèks)

Karakteristik Ni granmoun, ni timoun, ni frè ak sè timoun konn joure timoun ki retounen, di yo move pawòl. Yo konn rele yo restavèk. Lè yo di yon timoun ki te restavèk fè yon bagay li refize, yo konn mande li si li te gen dwa di non lè li te restavèk. Paran timoun yo konn santi yo imilye tou. Lòt moun konn gade yo ba, sispèk yo paske yo kwè timoun ki te al nan restavèk manke edikasyon, yo panse timoun yo ka konn vòlè e yo pa kite pitit yo jwe, fè zanmi ak timoun ki te restavèk. (Tablo 20, Anèks)

Konsekans Pi gwo konsekans yo, timoun yo vin dezole e yo kriye. Dezolasyon an gen ladan li: sonje move moman yo, timoun ki izole, malalèz, pa gen kè kontan e ki pa santi yo byen. Yon enfòmasyon kle te di eksperyans restavèk rete tankou yon so sou yon timoun nenpòt kote li ale. Li pa fasil pou yon timoun ki te restavèk vin yon kandida, yon lidè oubyen pou li okipe yon gwo plas nan sosyete a e yon timoun ki te restavèk kapab pase tout rès lavi li nan yon fòm restavèk. (Tablo 21, Anèks)

Solisyon Enfòmasyon kle yo te rekòmande pou yo ede paran jwenn mwayen pou yo pran swen pitit yo, pou granmoun nan kominote yo pran responsabilite pou yo asire lòt timoun pa izole timoun ki tounen ni fè yo sibi diskriminasyon nan demontre bon egzanp, nan aji ak tout timoun byen, nan bay bon jan espikasyon sou rezon ki fè yon timoun ale epi tounen. (Tablo 22, Anèks)

Zòn Saut d'Eau

Ni pou timoun ni pou granmoun, se pwoblèm ekonomik ki te vini anvan, e se sou pwoblèm lekòl yo te mete plis aksan. Apre sa yo te rekonèt timoun ki tounen pi byen nan fanmi yo, fanmi yo kontan epi yo fyè pou timoun yo tounen. Youn nan aspè yo te site, timoun ki tounen ka mande paran yo sa yo bezwen (yo pa te ka fè sa lè yo te rete ak moun). Men tou, ni timoun ni granmoun te pale de fason moun konn joure timoun ki retounen ak paran yo. Nan Saut d'Eau, jouman oubyen imilyasyon plis lye ak sityasyon ekonomik fanmi ki gen timoun ki tounen. Konsekans pwoblèm ekonomik se plis timoun vin ansent, yo pran zafè moun, yo ka fè vyolans sou yo, timoun yo vle pati, oubyen paran oblije rebay yo rete ak moun. (Tablo 23 ak 24, Anèks)

Akòz enpòtan pwoblèm ekonomik nan diskou tout patisipan yo, entèkansyon ak Enfòmasyon Kle te baze sou aspè ekonomik.

4. Pwoblèm Ekonomik Fanmi Timoun ki Retounen

Koz Pwoblèm timoun nan vini sitou akòz konparezon li fè ant lòt timoun paran yo gen pi bon sityasyon ekonomik pase paran pa l. Timoun ki vini pa ka rive viv menm jan ak tout timoun. Yo gen eksperyans lòt timoun ki te viv pi byen pase yo lè yo te restavèk, e yo vin konsyan de sityasyon fanmi yo ki konn ap sibi imilyasyon akòz sityasyon ekonomik yo. (Tablo 25, Anèks)

Karakteristik Prèske tout patisipan di paran yo pa ka byen okipe timoun ki vini yo (manje, rad, soulye, elt.). Paran sa yo pa gen byen tankou tè, yo pa gen sipò lòt fanmi, ni travay ki pou pèmèt yo voye timoun yo lekòl. (Tablo 26, Anèks)



Konsekans Anplis sentòm entèn ak ekstèn sante mantal (reflechi/kalkile, tristès, dezespwa, maledve, lage nan vi lib, vòlè, fimen...), genyen konsekans fizik tankou vin piti, malad, pa ka manje/dòmi byen, malnitrisyon. Kondisyon ekonomik konn pote timoun yo mache rann moun sèvis pou manje, jèn fi oblije rantre nan kontak seksyèl pou ti kòb/manje, sa ki konn fè yo ansent san matirite, elt. Lòt konsekans, moun konn fawouche yo lè sitiyaasyon ekonomik yo pa bon. (Tablo 27, Anèks)

Diferans Pifò moun te kwè sitiyaasyon ekonomik aji sou timoun ki tounen ak timoun ki te la yon fason ki diferan. Timoun ki tounen kwè yo pral gen chans pou yo konble mank yo te genyen pandan yo te restavèk. Souvan timoun ki tounen vini san anyen an konparezon ak sa ki te la deja. Sa ki vini oblije ap mande pou sa li bezwen. Se yon nouvo privilèj, men paran yo pa kapab ofri yo sa yo mande. Sa ki tounen, akòz eksperyans yo te fè nan lòt milye, te gen chans wè moun avèk plis mwayen (rad, soulye, kòb nan pòch yo...), li pi difisil pou yo aksepte kondisyon y ap viv nan fanmi yo. Sa fè paran panse timoun ki tounen mande plis, yo pi egzijan, moun kwè yo konplekse, yo anvi abiye chè, fòk yo depanse pou yo alèz. Alòske timoun ki te la kontante yo plis ak sa ki genyen nan anviwònman yo. (Tablo 28, Anèks)

Konklizyon

Entèvyou ki te reyalize pèmèt nou dekouvri divès pwoblèm ak sentòm kay timoun ki te restavèk plis enfòmasyon detaye sou kat pwoblèm ki pi grav: sentòm entèn kou ekstèn sante mantal, eksperyans vyolans, eksperyans move akèy lè timoun tounen (an patikilye imilyasyon ak diskriminasyon) ak enpak pwoblèm ekonomik fanmi sou timoun ki tounen.

Prensipal sentòm yo te idantifye se kriye, tristès, reflechi/kalkile, sonje move moman (sentòm entèn); vis, goumen, dezòd, maledve (sentòm ekstèn). Selon entèvyou yo, yon timoun kapab prezante ni sentòm entèn ni sentòm ekstèn e nou poko detèmine si sentòm sa yo repati an sendwòm. Dapre patisipan yo, se plis timoun ki twouve yo nan lari apre eksperyans restavèk ki sitou viktim vyolans. Patrisipan yo, pou laplipa, fè yon koneksyon dirèk ant kite restavèk ak viv nan lari, e timoun nan lari sibi tout kalte vyolans ak eksplwatasyon. Fason patrisipan yo te pale de imilyasyon ak diskriminasyon te ede konprann defni timoun yo rankontre lè yo tounen lakay yo. Sitiyaasyon sa yo konn tèlman difisil, timoun konn chwazi pran desizyon avèk konsekans ki grav, tankou repati san yon bon planifikasyon ni konesans egzat sou kote yo prale. Anpil pwoblèm sante mantal lye ak sitiyaasyon ekonomik timoun yo ap viv, tankou kriye, vle fè tèt yo mal, tristès, dezespwa, elt. Rapò ekonomik yo kreye anpil pwoblèm sosyal pou timoun yo tou; yo pa rive entegre kominote yo byen. E sitiyaasyon sa a pi difisil pou timoun ki tounen nan kominote yo te kite anvan. Sitiyaasyon povrete ak eksperyans restavèk ansanm mete timoun ki tounen nan fanmi yo an risk pou yo viv anpil pwoblèm sante mantal ak sosyal.

Rekòmandasyon

Rezilta etid la demontre lè yon timoun soti nan restavèk, anpil fwa li vreman afekte onivo sante mantal. Anplis sa, lè yon timoun retounen lakay li, souvan li jwenn yon lòt seri defni ki monte sou sa li te viv deja. Pakont, li enpòtan pou tout moun batay pou pratik restavèk la fini. Annatandan mizanplas mwayen ak metòd efikas pou pratik restavèk la fini, men kèk rekòmandasyon ki baze sou etid la.

1. Pou sante mantal:

- a) Pwochen etap se rive konprann pi byen sentòm ak sendwòm pou timoun ki te restavèk.
- b) Eksplwate eksperyans la (a) pou rive pwopoze entèkansyon ki apwopriye.
- c) Fasilite divès manm òganizasyon metrize zouti pou dekouvri kèk pwoblèm sante mantal timoun ki te restavèk ka genyen avèk solisyon apwopriye.



2. Pou eksperyans vyolans:

Fasilite echanj ak diskisyon sou pwoblèm vyolans timoun ap sibi nan lari ak divès Enstitisyon Leta, ajans ak òganizasyon k ap travay nan domèn pwoteksyon timoun.

3. Pou zafè imilyasyon ak diskrimination pou timoun ki tounen:

Patisipan nan de (2) kominote te avanse zafè imilyasyon ak diskriminasyon. Sa pa vle di se nan tout kominote sa rive. Men, eksperyans nan de (2) kominote sa yo pèmèt nou fè rekòmandasyon sa yo:

- a) Tout enstitisyon ak òganizasyon nasyonal kouwè entènasyonal dwe konsyan sou posibilite pou timoun ki retounen sibi imilyasyon ak diskriminasyon. Konsa, yo dwe pran an konsiderasyon divès aspè kominotè nan zòn timoun ap retounen nan fanmi yo.
- b) Ni timoun, ni moun nan fanmi kote y ap tounen oubyen moun k ap pran swen yo nan peryòd tranzisyon dwe jwenn fòmasyon apwopriye pou konprann reyaksyon yon timoun ki te viv nan pratik restvèk ak kèk metòd pou kreye yon anviwonman ki ap pèmèt timoun ki tounen santi yo jwenn sipò ki apwopriye.

4. Pou sityasyon ekonomik timoun ki tounen:

- a) Enstitisyon k ap travay nan domèn reyensèsyon dwe pran an kont sityasyon sosyal ak ekonomik kominote kote timoun yo ap tounen pou anpeche timoun yo tonbe nan sityasyon ki pa favorize reyabilitasyon ak epanouyman yo.
- b) Enstitisyon yo dwe mete tèt asanm pou dekouvri solisyon ki pi efikas pou timoun yo kapab ale lekòl oubyen aprann metye apre peryòd yo te pase nan restavèk.

Kèk Limit

Kantite entèvyou ki te reyalize, zòn yo te reyalize, fason nou te idantifye patisipan yo, pa pèmèt nou tire konklizyon jeneral.

Si nou konsidere lavi timoun ki nan restavèk, trètman yo resevwa ak reyelite materyèl yo varye anpil. Metodoloji a pa t pèmèt nou konnen sityasyon patikilye timoun patisipan yo te pale nou de yo pandan yo te nan restavèk. Anplis sa, metodoloji a pa t bay tan pou yon relasyon konfyans pwofon tabli ant moun k ap fè entèvyou ak patisipan yo. Donk, li posib repons yo pa konplè nèt.

Anplis sa, anketè yo parèt kòm manm ONG apre yon peryòd kote ONG reyalize anpil ankèt nan peyi a, pandan atant kominote yo pa konble sou kesyon ki te soulve. Sa kapab enfliyanse repons yo.

Yon bon pousantaj moun nan Pòtoprens fè yon koneksyon dirèk ant kite pratik restavèk ak viv nan lari. Nou konnen gen timoun ki konn sove oubyen pèdi ki tonbe nan lari men se yon lòt etid ki ka demontre pousantaj timoun nan lari ki te restavèk, kantite tan an mwayèn yo fè nan lari...

Divès enstitisyon ak òganizasyon nan peyi a ap pote-kole nan reyensèsyon timoun ki te restavèk nan fanmi yo gras ak apui Institut du Bien-Etre Social et de Recherches (IBESR), ak Organisation Internationale pour les Migrations (OIM) ki ap ede yo amelyore pwosesis la chak jou pi plis. Gen lòt eksperyans ki ap fèt nan menm sans la. Youn ladan yo se apwòch konsyantizasyon ak mobilizasyon kominotè kote paran ka deside yo menm al chache pitit yo oubyen moun ki te resevwa



timoun reflechi sou pratik la e yo konn deside tabli lòt kalte relasyon ak fanmi timoun yo oubyen fasilite yo retounen nan fanmi yo (Fondasyon Limyè Lavi ak Beyond Borders). Etid sa a pa t fèt nan yon zòn kote se apwòch sa a ki te fasilite timoun yo tounen, donk nou pa konnen enpak lòt apwòch konsa genyen. Men, tout apwòch yo merite bon jan analiz ki dapre nou poko fèt an pwofondè.

Remèsiman

San jenewozite Equitas Group, etid sa a pa t ap reyalize. Nou vle remèsye espesyalman Jonathan Scoonover, Program Manager Equitas Group, pou tout devouman li ki te pèmèt etid sa jwenn sipò Equitas Group. N ap remèsye tou Beyond Borders pou akèy yo te bay etid la, ak kontribisyon yo nan divès nivo – tan anplwaye, resous òganizasyon an, konsèy. Nou apresye kolaborasyon tout enstitisyon ki te patisipe nan etid la - enterè direktè/direktris ak anplwaye enstitisyon sa yo te demontre pou etid la te ankouraje nou anpil. Nou remèsye tout moun ki te fè entèvyou pou devouman yo nan tout aspè nan travay la. Pa gen mo pou nou eksprime remèsiman nou pou timoun, sivivan restavèk, ki te aksepte reponn kesyon nou e ki fasilite nou aprann nan men yo.



Anèks

Tablo 2: Pwoblèm Timoun ki te nan Restavèk
(Granmoun k ap reponn n=32) (>1 repons)

Pwoblèm Ekonomik	14
Risk	11
Malalèz	9
Y ap reflechi	9
Yo ka Sibi Vyolans	9
Yo vyolan	8
Maledve	7
Konpòtman	7
Yo vòlè	6
Yo gen abitud	6
Pwoblèm fanmi	5
Move Souvni	5
Tristès	5
Yo pa kwè nan tèt yo	5
Mal pou adapte	5
Yo nan lari	4
Yo pè	3
Pa gen edikasyon	3
Manje anpil	3
Yo enfliyans	2
Yo sou jwe	2
Yo malad	2

Tablo 3: Pwoblèm Timoun ki te nan Restavèk
(Timoun /Jèn k ap reponn N=44) (>1 repons)

Tristès	11
Yo pa alèz	8
Sonje move moman yo	8
Yo pa gen sa yo bezwen	7
Sibi vyolans	7
Yo panse ak fanmi yo	6
Yo santi yo byen	5
Yo konn jennen	5
Yo rete nan lari	4
Yo konn kriye	4
Yo joure	4
Yo konn vòlè	4
Yo dezòd	4
Yo goumen	3
Yo kontinye fè travay	3
Pa ka aprann	3
Pa ka jwenn kay fanmi yo	3
Adaptasyon	3

Tablo 4: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay
(Granmoun k ap reponn n=32) (>1 repons)

Move akèy	21
Paran yo pa gen mwayen	17
Yo pa ka al lekòl	14
Yo pi alèz	8
Yo pa alèz	5
Yo ap reflechi	5
Mal dòmi	4
Yo lage	4
Move relasyon	4
Yo awogan	3
Abitid	3

Tablo 5: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay
(Timoun /Jèn k ap reponn N=44) (>1 repons)

Paran yo konn pa ka voye yo lekòl	33
Move Mès	23
Move Akèy	18
Emosyon Negatif	13
Move Moman	12
Yo bat yo	4
Manman yo konn kriye	2
Fanmi yo mouri	2
Santiman pozitif	5
Sante [malad]	4

Tablo 6: Siy Byennèt Timoun

(Granmoun k ap reponn n=32) (>1 repons)

Al lekòl	27
Gen bon sitistasyon ekonomik	19
Li alèz	15
Jwèt	11
Sante	10
Sosyal (aktivite sosyal)	9
Li jwenn manje	9
Lwazi	8
Kè kontan	8
Entelijans	7
Bon trètman	4
Lojman	4
Leve ak fanmi	3
Respè	2
L ap konn bon bagay	2

Tablo 7: Siy Byennèt Timoun

(Timoun /Jèn k ap reponn N=44) (>1 repons)

Bon sitiyasyon ekonomik	30
Aktivite lekòl / Edikasyon	27
Li alèz	21
Aktivite sosyal	10
Sante	10
Jwèt	8
Kè l kontan	8
Lwazi	7
Entelijans	6
Li ka gen bon lide	6
Viv kay fanmi	3

Tablo 8: Kòz Sentòm

Yo fè sa yo te konn fè yo	22
Sa yo pa jwenn (mank)	19
Manje	7
Afeksyon	3
Sonje sa yo te konn pase	18
Bezwen fanmi yo	8
Pa jwenn lekòl	5
Tanperaman	4
Kontantman	4
Dout yo genyen	3

Tablo 9: Siy ak Sentòm

Tristès ak Move Moman	54
Yo konn tris	16
Li konn kriye	15
Yo konn ap reflechi, panse, kalkile	7
Panse ak move moman	5
Yo konn chagren	2
Sonje kote l te ye	2
Yo sonje fanmi yo	2
Yo konn rete lwen	2
Maledve	24
Maledve	10
Konn ap bay move repons	3
Yo joure	3
Move konpòtman	2
Yo vin kolerik, konn nève	2
Vyolan	24
Vyolan	7
Goumen li anvi goumen	4
L ap bay timoun nan kou	3
Yo agresif	2
Li mache touye moun	2
Dezòd	20
Malalèz	13

Malalèz	7
Strès	9
Yo pè	3
Twomatize	2
Gen vis	8
Pa fè tèt yo konfyans	8
Pa gen ijèn	6
Yo konn dou	5
Pedi ray	3
Pa manje	2
Manje anpil	2

Tablo 10: Solisyon pou Sentòm

Pale ak yo	10
Sipò moral ak ekonomik	6
Bay li afeksyon	3
Fè yo wè sikològ	3
Voye l lekòl	2

Tablo 11: Kòz Vyolans Timoun Sibi apre yo fin kite Restavèk

Risk Lari a	6
Yo pa gen moun ki responsab yo	4
Yo wè yo mal	2

Tablo 12: Tip Vyolans Timoun Sibi apre yo fin kite Restavèk

Vyolans Fizik	14
Abi Seksyèl	7
Vyolans Moral	5
Eksplwatasyon	4
Vyolans Vèbal	4
Fè yo mechanste	3

Tablo 13: Solisyon pou Vyolans Timoun Sibi apre yo fin kite Restavèk

Sansibilizasyon	3
Plan Edikasyon	3
Pou moun nan / timoun nan pa rete nan kay la	2

Tablo 14: Kòz Paran pa Pre pou yo Resevwa Timoun yo

Pwoblèm Ekonomik	16
------------------	----

Tablo 15: Karakteristik Move Akèy Timoun yo Resevwa lè yo Tounen Lakay yo

Paran yo aji mal avèk yo	6
Timoun yo pa rete	2



Tablo 16: Solisyon pou Move Akèy Timoun yo Resevwa lè yo Tounen Lakay yo

Rekòmandasyon pou Paran	10
Rekòmandasyon pou Òganizasyon	9
Rekòmandasyon pou Leta	3

Tablo 17: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay yo (Lascahobas)

(Granmoun k ap reponn n=20) (>1 responses)

Konsekans Pwoblèm Ekonomik	19
Pa ka al lekòl	6
Pwoblèm manje, rad	3
Vle kite, vle tounen kote yo te ye	3
Bon akèy, Li alèz	14
Alèz	3
Kontan	4
Bon Akèy	5
Pa gen pwoblèm	2
Pwoblèm Ekonomik	13
Yo dezole	13
Joure/Goumen	11
Joure	7
Goumen	3
Responsabilite Paran	3
Li renmen fè travay	2
Malad	2

Tablo 18: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay yo (Lascahobas)

(Timoun /Jèn k ap reponn N=7) (>1 repons)

Bon Akèy, Li alèz	7
Yo joure yo	7
Pwoblèm Ekonomik	4
Konsekans Pwoblèm Ekonomik	3

Tablo 19: Kòz Imilyasyon Timoun yo Sibi Lè yo Tounen Lakay yo (Lascahobas)

Paran pa gen mwayen	5
Paske yo te rete ak moun	4

Tablo 20: Karakteristik Imilyasyon Timoun yo Sibi Lè yo Tounen Lakay yo (Lascahobas)

Yo konn joure yo	6
Yo mal regade yo	5
Yo limite yo	4
Granmoun aji mal ak yo	3
Lèt timoun konn goumen ak yo	1

Tablo 21: Konsekans Imilyasyon Timoun yo Sibi Lè yo Tounen Lakay yo (Lascahobas)

Dezole	5
Kriye	3

Tablo 22: Solisyon pou Imilyasyon Timoun yo Sibi Lè yo Tounen Lakay yo (Lascahobas)

Ede paran yo	4
Responsabilite Granmoun	2

Tablo 23: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay yo (Saut d'Eau)

(Granmoun k ap reponn n= 13) (>1 repons)

Pwoblèm Ekonomik	10
Pa ka voye yo lekòl	6
Yo pi alèz	7
Konsekans Pwoblèm Ekonomik	6
Joure	3
Pwoblèm Adaptasyon	3
Maleve	3
Malad	2
Tris	2

Table 24: Pwoblèm Timoun Restavèk ki Tounen Lakay yo (Saut d'Eau)

(Timoun/Jèn k ap reponn n=9) (>1 repons)

Pwoblèm Ekonomik	9
Pa ka al lekòl	5
Grangou	5
Si li mande paran l yon bagay li pa jwenn li pou li bay li	3
Pa gen rad, soulye, kay	3
Pa ka al legliz (poutèt rad)	2
Yo pi alèz	6
Yo joure yo	5
Yo bay yo move rega	3
Yo malad	3
Lèt moun fè yo travay	2
Maltrete	2
Sonje move moman	2
Lot moun fawouche yo	2

Tablo 25: Kòz Ki Fè Pwoblèm Ekonomik Poze Pwoblèm Pou Timoun Restavèk Ki Tounen Lakay Yo (Saut d'Eau)

Li pa ka viv menm jan ak tout timoun	11
Paran pa ka bay sa yo mande	8
Desepsyon/Imilyasyon	4
Li santi li te pi bon kote li te ye	4



Tablo 26: Karakteristik Pwoblèm Ekonomik Fanmi Timoun ki Tounen Lakay Yo (Saut d'Eau)

Paran pa ka okipe yo	19
Grangou	6
Rad	6
Paran pa gen mwayen	11
Pa ka voye yo lekòl	9
Pwoblèm travay pou paran	3
Plis mizè	2

Tablo 28: Diferans nan Enpak Pwoblèm Ekonomik sou Timoun ki Tounen (Saut d'Eau)

Yo te gen atant	5
Yo pi egzijan	4
Yo wè/reflechi diferaman	4
Pi malalèz	3

Tablo 27: Konsekans Pwoblèm Ekonomik sou Timoun ki Tounen Lakay Yo (Saut d'Eau)

Domine	16
Tris	13
Varye, ka vin fou	11
Dezespwa	10
Mache rann sèvis kay moun	10
Li lage nan vi lib	9
Malalèz	8
Maledve	8
Kriye	7
Vòlè	7
Li rete poukont li	7
Vin piti	7
Yo fawouche yo	7
Sove	7
Malad	6
Tonbe ansent	5
Li konn anvi touye tèt li	5
Li oblije lage kò l nan lari pou lamanjay	5
Nève	5
Mal pou aprann	4
Pa ka manje, dòmi	4
Soufri, malnitrisyon	4
Move panse	3
Fimen	3
Boulvès	3
Ka fèl mande	3
Sal	2
Yo reziye yo	2
Yo mal amize	2
Yo rayi lòt	2
Yo joure yo	2